

KOHESI WACANA RUBRIK KASARASAN KALAWARTI PANJEBAR SEMANGAT WARSA 2015

COHESION IN THE DISCOURSE OF THE HEALTH RUBRICS IN THE PANJEBAR SEMANGAT MAGAZINE OF 2015

Dening: Febriyanti, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta

Sarining Panaliten

Wosing perkawis panaliten menika nun inggih jinis *kohesi gramatikal* saha *leksikal* ing wacana *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015 saha panandha *kohesi gramatikal* saha *leksikal* ing wacana *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015. Ancasing panaliten menika nun inggih ngandharaken jinis *kohesi gramatikal* saha *leksikal* ing wacana *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015 saha ngandharaken panandha *kohesi gramatikal* saha *leksikal* ing wacana *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015. Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. *Dhata* ing panaliten menika awujud ukara ingkang ngewrat panandha *kohesi gramatikal* saha *leksikal*. *Sumber dhata* panaliten menika awujud *rubrik* Kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015. Cara ngempalaken *dhata* ing panaliten menika ngginakaken *teknik* maos sarta nyathet. *Dhata* dipunkempalaken mawi kertu *dhata*. Pirantining panaliten menika nun inggih panaliti piyambak/*human instrument*. Cara nganalisis *dhata* ing panaliten menika ngginakaken *teknik deskriptif*. Panaliti ngandharaken jinis saha panandha *kohesi gramatikal* saha *leksikal* ing *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015. Cara ngesahaken dhata ing panaliten menika ngginakaken *triangulasi teori*. Asiling panaliten menika nedahaken bilih jinis saha panandha *kohesi gramatikal* ing wacana *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015 inggih menika *referensi*, *substitusi*, *ellipsis* saha *konjungsi*. Jinis saha panandha *kohesi leksikal* ing wacana *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015 inggih menika *repetisi*, *sinonim* saha *hiponim*.

Pamijining tembung: *kohesi*, *kohesi leksikal*, wacana, *rubrik* kasarasan.

Abstract

The problems in this study are types of grammatical and lexical cohesion in the discourse of the health rubrics in the Panjebar Semangat magazine of 2015 and the markers. The study aims to explain types of grammatical and lexical cohesion in the discourse of the health rubrics in the Panjebar Semangat magazine of 2015 and the markers. This was a descriptive study. The research data were sentences containing markers of grammatical and lexical cohesion. The research data sources were the health rubrics in the Panjebar Semangat magazine of 2015. The data collection technique was the reading and writing technique. The data were collected by data cards. The research instrument was the researcher herself as human instrument. The data were analyzed by means of the descriptive technique. The researcher explained types and markers of grammatical and lexical cohesion in the discourse of the health rubrics in the Panjebar Semangat magazine of 2015. The data trustworthiness was enhanced by theory triangulation. The results of the study indicate that types and markers of grammatical cohesion in the discourse of the health rubrics in the Panjebar Semangat magazine of 2015 include references, substitutions, ellipses and conjunctions. Types and markers of lexical cohesion in the discourse of the health rubrics in the Panjebar Semangat magazine of 2015 include repetitions, synonyms and hyponyms.

PURWAKA

Basa Jawi dipunginakaken kangge ngandharaken gagasan, raos pangraos sarta pamanggih dhateng tiyang. Wujudipun inggih menika rerangkening ukara-ukara. Antawisipun ukara setunggal kaliyan ukara sanesipun wonten gandheng rapetipun.

Gayuting ukara-ukara wonten kalih warni, gayuting wos utawi teges sarta gayuting wujud. Gayuting ukara-ukara adhedhasar wujudipun ing ngelmu basa dipunwastani *kohesi*. *Kohesi* inggih menika *kepaduan bentuk*, gegayutan ukara-ukara setunggaling wacana (Ramlan, 1993:10). Dados, *kohesi* inggih menika gayuting ukara-ukara wonten setunggaling waosan.

Kohesi ukara kamot ing wacana *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015. Panaliten bab jinis sarta panandha *kohesi* wacana *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015 penting dipuntindakaken. Panaliten bab *kohesi* menika saged biyantu para pamaos *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015 kange mangertosi wosipun *rubrik* kasarasan kasebut.

Adhedhasar manpangat ingkang sampun dipunsebutaken ing nginggil, panaliten menika nun inggih babagan jinis sarta panandha *kohesi* wacana *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015. Pamilihing warsa 2015 dipunjumbuhaken kaliyan wekdaling panalitenipun panyerat.

Saking andharan nginggil bilih wosing perkawis panaliten menika wonten kalih. Menapa kemawon jinis *kohesi* antawisipun ukara setunggal kaliyan ukara sanesipun ing *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015? Menapa kemawon panandha *kohesi* antawisipun ukara setunggal kaliyan ukara sanesipun ing *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015?

GEGARAN TEORI

Douglas (ing Mulyana, 2005:3) ngandharaken bilih tembung “wacana” asalipun saking basa Sansekerta *wac/wak/vak*. Tegesipun ‘ngendika’. Tembung kasebut ngrembaka dados *wacana*. Wujud *ana* ing *wac/wak* kalebet setunggal panambang. Ginanipun kange damel tembung aran. Dados tegesipun tembung wacana inggih menika ‘omongan’. Moeliono (1997:334) ngandharaken bilih wacana inggih

menika ukara-ukara ingkang gegayutan, ingkang nggayutaken setunggal teges kaliyan teges sanesipun.

Kridalaksana (2001:231) ngandharaken bilih wacana inggih menika *satuan* basa ingkang paling jangkep, paling inggil sarta paling ageng. Wujudipun inggih menika tembung, ukara, *alinea* utawi seratan (buku). Dados, wacana inggih menika tembung, ukara, *paragraf* sarta utawi seratan (buku) ingkang ngandhut wos/teges.

Dudutanipun, wacana gadhah teges *satuan* basa ingkang langkung wiyar saking ukara saha ngandhut wos utawi teges. Perkawis ingkang langkung jumbuh bilih wacana padatanipun kaiket *kohesi* sarta *koherensi*.

Gutwinsky (ing Tarigan, 1993:96) ngandharaken bilih *kohesi* inggih menika gegayutan ukara setunggal wacana. Ramlan (1993:10) ngandharaken bilih *kohesi* inggih menika *kepaduan bentuk*. Dados, *kohesi* inggih menika gayuting ukara-ukara wonten setunggal waosan.

Jinis saha panandhanipun *kohesi* inggih menika *referensi*, *substitusi*, *elipsis*, *konjungsi* saha *kohesi leksikal*. Ramlan (1993:30) ngandharaken bilih *kohesi leksikal* kaperang dados tigang jinis, *repetisi*, *sinonim* saha *hiponim*.

Panaliten saderengipun ingkang jumbuh kaliyan panaliten menika nun inggih panalitenipun Yossep Wijaya kanthi irah-irahan *Panandha Kohesi Gramatikal saha Leksikal* wonten ing Novel *Anteping Wanita Anggitanipun Suparta Brata* sarta panalitenipun Angga Dicky Krisnawan kanthi irah-irahan *Kohesi Gramatikal saha Leksikal* wonten *Wacana Kumpulan “Khotbah Jangkep”* ing GKJ (Gereja Kristen Jawa).

Wacana inggih menika *satuan basa* ingkang paling jangkep sarta paling inggil utawi paling ageng ing inggilipun ukara utawi *klausa*, gadhah *koherensi* saha *kohesi* (Tarigan, 1993:27). Gutwinsky (ing Tarigan, 1993:96) ngandharaken bilih *kohesi* inggih menika gegayutan ukara setunggaling wacana. Dene Ramlan (1993:10) ngandharaken bilih *kohesi* inggih menika *kepaduan bentuk*.

Panaliten menika badhe ngandharaken bab *kohesi*, *referensi*, *substitusi*, *elipsis*, *konjungsi* saha *kohesi leksikal* (*repetisi*, *sinonim* saha *hiponim*). Panaliten menika badhe ngandharaken jinis sarta panandha *kohesi* ukara ing *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015.

CARA PANALITEN

Jinising Panaliten

Panaliten menika sipatipun *deskriptif*. Panaliten menika nganalisis *dhata* kanthi *objektif* adhedhasar *fakta* nyata ingkang dipunpanggihaken, sarta lajeng ngandharaken kanthi *deskriptif*. Dene *model* panalitenipun inggih menika: (1) *observasi dhata*, (2) ngempalaken *dhata* sarta (3) *reduksi* saha negesi *dhata* kanthi *deskriptif*.

Dhata saha Sumber Dhata Panaliten

Dhata ing panaliten menika awujud ukara ingkang ngewrat panandha *kohesi gramatikal* saha *leksikal*. *Sumber dhata* panaliten menika nun inggih *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015. Panjebar Semangat inggih menika salah setunggaling kalawarti basa Jawa ingkang medal saben dinten Setu ing Surabaya.

Panjebar Semangat menika dipuncithak dening PT Pancaran Semangat Jaya.

Rubrik kasarasan ingkang dipunginakaken ing panaliten menika cacahipun wonten 52, *edhisi* 1-52. *Rubrik* kasarasan kasebut medal saking sasi Januari dumugi Desember 2015. Pamiliing wekdal *edhisi* kalawarti Panjebar Semangat menika dipunjumbuhaken kaliyan wekdalipun *usulan* panaliten menika.

Cara Ngempalaken *Dhata*

Cara ngempalaken *dhata* ing panaliten menika ngginakaken *teknik* maos sarta nyathet. Maos inggih menika maos kanthi cermat sumbering *dhata* panaliten/*rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015 kangge manggihaken *dhata* panaliten awujud ukara-ukara ingkang ngandhut jinis sarta panandha *kohesi*. Asiling maos *dhata* lajeng dipunpindhahaken/dipunserat wonten kertu *dhata*. Salajengipun *dhata* ingkang sampun dipunserat dipungolongaken adhedhasar jinis saha panandha *kohesi*. Cara ngempalaken *dhata* panaliten kaandharaken ngandhap menika.

1. Nyawisaken *sumber dhata* ingkang badhe dipuntaliti. *Sumber dhata* ingkang badhe dipuntaliti inggih menika *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015.
2. Maos *sumber dhata* panaliten/*rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015 kangge manggihaken *dhata* panaliten awujud ukara-ukara ingkang ngandhut jinis sarta panandha *kohesi*.

3. Nemtokaken jinising *kohesi* saking ukara-ukara ing *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015.
4. Nemtokaken panandha *kohesi* saking ukara-ukara ing *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015.
5. Nyerat *dhata* ingkang sampun dipunpanggihaken ing kertu *dhata*.

Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten menika nun inggih panaliti piyambak/*human instrument*. Panaliti kanthi kasaguhan sarta kawruh pangertosan *kohesi* saged manggihaken ukara-ukara ingkang *kohesif* ing *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015. Panaliti nemtokaken jinis saha panandha *kohesi* saking ukara-ukara *kohesif* menika. Panaliti dipunbiyantu kertu *dhata* kangege ngempalaken *dhata*.

Cara Nganalisis *Dhata*

Cara nganalisis *dhata* ing panaliten menika ngginakaken *teknik deskriptif*. *Teknik deskriptif* ngandharaken *dhata* kanthi cetha sarta saestu jumbuh kaliyan kahanan aslinipun. *Teknik deskriptif* ngandharaken *dhata* kanthi urut-urutan:

1. *reduksi dhata* ingkang mboten jumbuh kaliyan wosing perkawis panaliten,
2. *tabulasi/analisis/ngandharaken dhata* ing *tabel* kanthi cetha sarta saestu trep kaliyan kahanan aslinipun ingkang jumbuh kaliyan wosing perkawis panaliten,
3. merang *dhata-dhata* kasebut dados jinis-jinis adhedhasar jinis sarta panandha *kohesi*,
4. ngandharaken asiling *analisis dhata* saha damel dudutanipun.

Cara Ngesahaken *Dhata*

Cara ngesahaken *dhata* ing panaliten menika ngginakaken *triangulasi teori*. *Triangulasi teori* inggih menika cara ngesahaken *dhata* ingkang nandhingaken *dhata* ingkang sampun dipunpanggihaken kaliyan *teori* ingkang dipunginakaken. *Teori* ingkang dipunginakaken nun inggih *teori* babagan jinis sarta panandha *kohesi* wacana. *Dhata* ingkang jumbuh kaliyan teorinipun menika saged dipunwastani *dhata* ingkang *absah*.

Reliabilitas intrarater inggih menika maos *sumber dhata* panaliten/*rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015 kanthi wongsal-wangsul kangege ngasilaken *dhata* ingkang ajeg. *Reliabilitas interater* inggih menika pirembagan kaliyan kanca ingkang mangertosi ugi babagan perkawis ingkang dipuntaliti/jinis sarta panandha *kohesi* wacana sarta *konsultasi* dhateng dosen pembimbing.

ASILING PANALITEN

Asiling panaliten *Kohesi Wacana Rubrik Kasarasan Kalawarti Panjebar Semangat Warsa 2015* inggih menika jinis saha panandha *kohesi gramatikal* saha *leksikal* ing wacana *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015. Jinis *kohesi gramatikal* ing wacana *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015 inggih menika *referensi*, *substitusi*, *ellipsis* saha *konjungsi*. Dene jinising *kohesi leksikal* ing wacana *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015 inggih menika *repetisi*, *sinonim* saha *hiponim*.

Panandha kohesi gramatikal ing wacana rubrik kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warta 2015 inggih menika referensi: *iku, iki, kasebut saha mau; substitusi: dheweke, klitika -e/-ne, iku, iku, kasebut saha mangkono; elipsis: pelesapan jejeripun ukara kalih saha konjungsi: jalaran, sawatara, nanging, uga, kamangka, contone, minangka contone, ateges...apamaneh, banjur, mula...ana maneh, utamane, amarga...lan, prayogane, umume, dene, kanggone, sanajan...nanging, ewasamono, dadi, minangka akibate...malah, malah saha kejaba iku...nanging.* Panandha kohesi leksikal ing wacana rubrik kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warta 2015 inggih menika tembung-tebung ingkang gadhah gegayutan teges. Tetembungan kasebut inggih menika *repetisi* sami persis: (*panjenengan, panjenengan*), (*penyakit iki, penyakit iki*), *repetisi* mawi ewah-ewahan wujud: (*dirasakake, ngrasa, rasa*), (*pengobatane, pengobatan*) saha *repetisi* perangan: (*obat statin, statin*), (*survei kesehatan ing Inggris, survei iki*); *sinonim*: (*ora ngganteni sakabehing tugase jantung, mung mbiyantu kerjane jantung anggone ngompa getih*) saha (*tanduran kang asale saka negara manca, Brasil (Amerika sisih kidul) iki, tetuwuhan iki*) sarta *hiponim*: (*sakabehing umur, diwasa mudha watara umur 35 engga 55 taun, wanita, priya*) saha (*mundhak, tikel kaping telune luwih akeh*).

Jinis sarta panandha kohesi gramatikal saha *leksikal* kasebut kaandharaken ngandhap menika.

1. Kohesi Gramatikal

Jinis saha panandha kohesi gramatikal ing wacana rubrik kasarasan kalawarti Panjebar

Semangat warta 2015 inggih menika *referensi, substitusi, elipsis* saha *konjungsi*.

a. Referensi

Panandha *referensi* ing wacana *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warta 2015 inggih menika **iku, iki, kasebut** saha **mau**.

1) **iku**

Jalaran bisa dadi panjenengan nandhang **Artitis Reumatoid (AR)**, jinis rematik kang mbebayani. **Penyakit AR iku** kudu diwaspadani jalaran cacah kasuse tansah mundhak ndeder. (*Data 002/PS 01/2015*)

Saking wacana nginggil bilih panandha *referensi* ingkang dipunginakaken inggih menika **iku**. **Penyakit AR iku** ing ukara kalih ngener dhateng **Artitis Reumatoid (AR)** ing ukara setunggal.

2) **iki**

Ing perkara iki, para panaliti migunakake data saka sawijining **survei kesehatan ing Inggris**. **Survei iki** ngerigake partisipan kehe wong 14.000 wiwit saka umur 16 taun utawa luwih. (*Data 121/PS 06/2015*)

Saking wacana nginggil bilih panandha *referensi* ingkang dipunginakaken inggih menika **iki**. **Survei iki** ing ukara kalih ngener dhateng **survei kesehatan ing Inggris** ing ukara setunggal.

3) **kasebut**

Sakehing ahli menehi pituduh (rekomendasi) **aturan anyar** kanggo nyegah tumangkare stroke. Apa wae **aturan kasebut?** (*Data 025/PS 02/2015*)

Saking wacana nginggil bilih panandha *referensi* ingkang dipunginakaken inggih menika

kasebut. Aturan kasebut ing ukara kalih ngener dhateng aturan anyar ing ukara setunggal.

4) mau

Markisa ngandhut **serat** kang bisa nglancarke bebuwang, ngresiki usus gedhe. **Serat mau** ora mung nyegah numpuke kadar kolesterol ing sajroning awak, nanging uga mbiyantu mbrastha lemak. (Data 122/PS 08/2015)

Saking wacana nginggil bilih panandha *referensi* ingkang dipunginakaken inggih menika **mau**. **Serat mau** ing ukara kalih ngener dhateng **serat** ing ukara setunggal.

b. Substitusi

Panandha *substitusi* ing wacana *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015 inggih menika **dheweke**, *klitika -e/-ne*, **iku**, **iki**, **kasebut** saha **mangkono**.

1) dheweke

a) Manut Ketua Umum Pergizi Pangan Indonesia Prof Dr Ir **H Hardinsyah** MS, ing Indonesia durung kacukupan marang kabutuhan sarapan kang sehat. **Dheweke** aweh conto menawa 7 saka 10 wong ing Indonesia ora weruh lan ora kacukupan sarapan sehat ing saben dinane. (Data 124/PS 11/2015)

Saking wacana nginggil bilih panandha *substitusi* ingkang dipunginakaken inggih menika **dheweke**. **Dheweke** ing ukara kalih nggantos **Hardinsyah** ing ukara setunggal.

b) Manut Dokter Spesialis Obstetri dan Ginekologi Rumah Sakit Ibu dan Anak Kendangsari MERR, dr. **Budi Prasetyo**, SpOG(K), tandha-tandha kasebut mujudake bab biyasa dumadi marang ibu ngandhut. Manut **dheweke**, wanita sing lagi ngandhut

kanthi otomatis mproduksi melanin saengga kulite dadi katon luwih ireng utawa buthek. (Data 128/PS 13/2015)

Saking wacana nginggil bilih panandha *substitusi* ingkang dipunginakaken inggih menika **dheweke**. **Dheweke** ing ukara kalih nggantos **Budi Prasetyo** ing ukara setunggal.

2) *Klitika -e/-ne*

a) Nanging, ujare Handono, **AR** ora mung penyakit sendhi, uga nyerang perangan sismetik, kayadene kaku nalika wayah esuk utawa mrinyang, bobote awak mudhun, gampang kesel, lan lara kurang getih (anemia). Uga ana pengaruhe marang anggota badan liyane kayadene *nodul rheumatoid*, *vaskulitis* (peradhangan pembuluh darah), *fibrosis* paru, gangguwan mripat kaya garing, sarta *perikarditis* (peradhangan ing pelindung jantung). (Data 011/PS 01/2015)

Saking tuladha nginggil bilih panandha *substitusi* ingkang dipunginakaken inggih menika *klitika -e*. *Klitika -e* ing pengaruhe ing ukara kalih nggantos **AR** ing ukara setunggal.

b) Wujud kang paling umum saka stroke **dumadi nalika iline getih ing perangan uteg kebunton, adate merga njendhele getih**. Wujud liyane dumadi nalika pipane getih (pembuluh darah) rusak saengga dumadi pendharahan ing uteg. (Data 030/PS 02/2015)

Saking tuladha nginggil bilih panandha *substitusi* ingkang dipunginakaken inggih menika *klitika -ne*. *Klitika -ne* ing liyane ing ukara kalih nggantos **dumadi nalika iline getih ing perangan uteg kebunton, adate merga njendhele getih** ing ukara setunggal.

3) **iki, iku, kasebut, mangkono**

- a) AR nyerang marang sakabehing umur, nanging mundhak nalika diwasa mudha watara umur 35 engga 55 taun. Wanita tikel kaping telune luwih akeh ketaman **penyakit iki** tinimbang priya. (*Data 013/PS 01/2015*)

Saking tuladha nginggil bilih panandha *substitusi demonstratif* ingkang dipunginakaken inggih menika **iki**. **Penyakit iki** ing ukara kalih nggantos **AR** ing ukara setunggal.

- b) **Sarapan uga bisa nganggo pisang. Iku** merga prasaja lan bisa digawa njero tas-e anak. (*Data 126/PS 11/2015*)

Saking tuladha nginggil bilih panandha *substitusi demonstratif* ingkang dipunginakaken inggih menika **iku**. **Iku** ing ukara kalih nggantos **sarapan uga bisa nganggo pisang** ing ukara setunggal.

- c) **Nduweni anak sing urip lan gedhene (pertumbuhannya) sehat sarta pinter**, tamtu dadi idhamane kabeh wong tuwa. Kanggo maujudake **bab kasebut**, dudu perkara gampang. (*Data 073/PS 04/2015*)

Saking tuladha nginggil bilih panandha *substitusi demonstratif* ingkang dipunginakaken inggih menika **kasebut**. **Bab kasebut** ing ukara kalih nggantos **nduweni anak sing urip lan gedhene (pertumbuhannya) sehat sarta pinter** ing ukara setunggal.

- d) Menawa iku kaleksanan terus lan tansah ngrasa ngelu, awake bakal **lemes**. Yen wis **mangkono**, mula bakal tuwuhan tandha-tandha sabanjure. (*Data 125/PS 11/2015*)

Saking tuladha nginggil bilih panandha *substitusi demonstratif* ingkang dipunginakaken inggih menika **mangkono**. **Mangkono** ing ukara kalih nggantos **lemes** ing ukara setunggal.

c. *Elipsis*

Panandha *elipsis* ing wacana *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015 inggih menika *pelesapan* jejeripun ukara kalih.

- 1) Penyakit iki kira-kira namani uwong sadonya luwih saka 21 yuta. Sawatara ing Indonesia, Ø sing nandhang sandhuwure umur 18 taun lan cacahe pasien kurang luwih 0,1% nganti 0,3% saka gunggunge pendhuduk Indonesia. (*Data 004/PS 01/2015*)

Saking tuladha nginggil bilih panandha *elipsis* ingkang dipunginakaken inggih menika *pelesapan* **penyakit iki**. **Penyakit iki** kedahipun dados jejeripun ukara kalih, nanging ical.

- 2) Pegel-pegel, weteng kembung, apadene gatel ing kulit, kerep dianggep mung lelara kang lumrah. Ateges Ø ora digatekake kanthi permana. (*Data 046/PS 03/2015*)

Saking tuladha nginggil bilih panandha *elipsis* ingkang dipunginakaken inggih menika *pelesapan* **gangguwan entheng kasebut**. **Gangguwan entheng kasebut** kedahipun dados jejeripun ukara kalih, nanging ical.

d. *Konjungsi*

Panandha *konjungsi* ing wacana *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015 inggih menika *jalaran, sawatara, nanging, uga, kamangka, contone, minangka contone, ateges...apamaneh, banjur, mula...ana maneh, utamane, amarga...lan, prayogane, umume, dene, kanggone, sanajan...nanging, ewasamono, dadi, minangka akibate...malah, malah saha kejaba iku...nanging*.

- 1) Sendhi panjenengan abuh, panas nalika digrayangi, abang-abang lan kaku yen

diobahake, becike enggal dipriksakake, lan waspadakake. **Jalaran** bisa dadi panjenengan nandhang *Artitis Reumatoid* (AR), jinis rematik kang mbebayani. (*Data 001/PS 01/2015*)

- Mriksakaken sarta nggatosaken sendhi ingkang abuh, benter, abrit saha kaku.
- Panjenengan gadhah penyakit *Artitis Reumatoid* (AR).

Saking tuladha nginggil bilih panandha *konjungsi* ingkang dipunginakaken inggih menika **jalaran. Jalaran** wonten ing wiwitan ukara kalih.

- 2) Penyakit iki kira-kira namani uwong sadonya luwih saka 21 yuta. **Sawatara** ing Indonesia, sing nandhang sandhuwure umur 18 taun **lan** cacahe pasien kurang luwih 0,1% nganti 0,3% saka gunggunge pendhudhuk Indonesia. (*Data 004/PS 01/2015*)

• Tiyang ingkang gerah AR kirang langkungipun langkung saking 21 yuta.

• Tiyang Indonesia ingkang gerah AR nun inggih tiyang ingkang yuswanipun 19 warta langkung. Cacahipun pasien kirang langkung 0,1%-0,3% saking gunggungipun pendhudhuk Indonesia.

Saking tuladha nginggil bilih panandha *konjungsi* ingkang dipunginakaken inggih menika **sawatara...lan**.

2. *Kohesi Leksikal*

Jinis saha panandha *kohesi leksikal* ing wacana *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warta 2015 inggih menika *repetisi*, *sinonim* saha *hiponim*.

a. *Repetisi*

Panandha *repetisi* ing wacana *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warta 2015 kaperang dados tigang jinis, *repetisi* sami

persis, *repetisi* mawi ewah-ewahan wujud saha *repetisi* perangan.

- 1) Sami persis
 - a) Sendhi **panjenengan** abuh, panas nalika digrayangi, abang-abang lan kaku yen diobahake, becike enggal dipriksakake, lan waspadakake. Jalaran bisa dadi **panjenengan** nandhang *Artitis Reumatoid* (AR), jinis rematik kang mbebayani. (*Data 001/PS 01/2015*)

Saking tuladha nginggil bilih panandha *leksikal repetisi* ingkang dipunginakaken inggih menika **panjenengan, panjenengan**. **Panjenengan** ing ukara setunggal dipunambali sami persis ing ukara kalih.

- b) **Penyakit iki** uga ngundhakake risiko ketaman penyakit *kardiovaskular* lan mati sadurunge wayahe. Enggal nyumurupi **penyakit iki** mujudake kunci kang wigati kanggo ngawekani AR, jalaran bakal nemtokake kasile pengobatane. (*Data 019/PS 01/2015*)

Saking tuladha nginggil bilih panandha *leksikal repetisi* ingkang dipunginakaken inggih menika **penyakit iki, penyakit iki**. **Penyakit iki** ing ukara setunggal dipunambali sami persis ing ukara kalih.

- 2) Mawi ewah-ewahan wujud
 - a) Nanging, ujare, klawan nindakake *Cermati*, nyeri kang **dirasakake** ing sendhi mau bisa dikontrol. “Pasien mbutuhake pengobatan kang trep sadurunge ngambra-ambra saengga lakuning penyakit bisa dikontrol supaya uwal saka kerusakan sendhi kang terus kebacut lan nyebabake cacad,” tandhese. Handono nambahake, pasien AR gampang **ngrasa**

depresi akibat **rasa** nyeri kang ndadekake pasien kangelan nindakake kegiyatan. (*Data 016/PS 01/2015*)

Saking tuladha nginggil bilih panandha **leksikal repetisi** ingkang dipunginakaken inggih menika **dirasakake, ngrasa, rasa**. **Dirasakake** ing ukara setunggal dipunambali ing ukara kalih kanthi ewah-ewahan wujud. **Dirasakake** ewah dados **ngrasa** saha **rasa**.

b) Enggal nyumurupi penyakit iki mujudake kunci kang wigati kanggo ngawekani AR, jalaran bakal nemtokake kasile **pengobatane**. Dheweke ngandhakake, ora sethithik pasien AR kang nindakake **pengobatan** dhewe klawan nginum obat steroid kanggo ngilangake rasa nyerine kang akeh didol kanggo umum. (*Data 020/PS 01/2015*)

Saking tuladha nginggil bilih panandha **leksikal repetisi** ingkang dipunginakaken inggih menika **pengobatane, pengobatan**. **Pengobatane** ing ukara setunggal dipunambali ing ukara kalih kanthi ewah-ewahan wujud. **Pengobatane** ewah dados **pengobatan**.

3) Perangan

a) Saperangan dokter wedi bab iku bakal ndadekake sakehing uwong nginum **obat statin** kanggo ngedhunake kolesterol. Pathokan anyar kasebut nyebutake, **statin** kudu digunakake saliyane kanggo diet lan olahraga, uga dening wong-wong klawan resiko dhuwur stroke suwene 10 taun mengarep. (*Data 038/PS 02/2015*)

Saking tuladha nginggil bilih panandha **leksikal repetisi** ingkang dipunginakaken inggih menika **obat statin, statin**. **Obat statin** ing ukara

setunggal dipunambali namung **statin** ing ukara kalih.

b) Ing perkara iki, para panaliti migunakake data saka sawijining **survei kesehatan** ing **Inggris**. **Survei iki** ngerigake partisipan kehe wong 14.000 wiwit saka umur 16 taun utawa luwih. (*Data 121/PS 06/2015*)

Saking tuladha nginggil bilih panandha **leksikal repetisi** ingkang dipunginakaken inggih menika **survei kesehatan** ing **Inggris, survei iki**. **Survei kesehatan** ing **Inggris** ing ukara setunggal dipunambali namung **survei** kawewahan **iki** ing ukara kalih.

b. Sinonim

Panandha *sinonim* ing wacana *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015 inggih menika tembung-tembung ingkang gadhah teges ingkang sami.

1) Ora kaya transplantasi jantung, LAVD pancen **ora ngganteni sakabehing tugase jantung**. LAVD **mung mbiyantu kerjane jantung anggone ngompa getih** lan piranti koneksine dilebokake liwat operasi jantung tinarbuka. (*Data 114/PS 05/2015*)

Saking tuladha nginggil bilih panandha **leksikal sinonim** ingkang dipunginakaken inggih menika **ora ngganteni sakabehing tugase jantung** saha **mung mbiyantu kerjane jantung anggone ngompa getih**. **Ora ngganteni sakabehing tugase jantung** ing ukara setunggal tegesipun sami kaliyan **mung mbiyantu kerjane jantung anggone ngompa getih** ing ukara kalih.

2) **Tanduran kang asale saka negara manca, Brasil (Amerika sisih kidul)** iki akeh ditemokake mlidine ing tlatah Sumatra sisih lor, Sumatra sisih kulon, Lampung lan

Sulawesi sisih kidul. **Tetuwuhan iki** duwe atusan spesies, nanging kang dibudidaya ing Indonesia yaiku markisa ungu (*Passiflora edulis vanedulis*), markisa konyal (*Passiflora lingularis*), markisa kuning (*Passiflora adulis vanflavicarpa*) lan markisa erbis (*Passiflora quadrangularis*). (Data 123/PS 08/2015)

Saking tuladha nginggil bilih panandha *leksikal sinonim* ingkang dipunginakaken inggih menika **tanduran kang asale saka negara manca, Brasil (Amerika sisih kidul)** iki saha **tetuwuhan iki. Tanduran kang asale saka negara manca, Brasil (Amerika sisih kidul)** iki ing ukara setunggal tegesipun sami kaliyan **tetuwuhan iki** ing ukara kalih.

c. *Hiponim*

- 1) AR nyerang marang **sakabehing umur**, nanging mundhak nalika **diwasa mudha watara umur 35 engga 55 taun**. Wanita tikel kaping telune luwih akeh ketaman penyakit iki tinimbang **priya**. (Data 013/PS 01/2015)

Saking tuladha nginggil bilih panandha *leksikal hiponim* ingkang dipunginakaken inggih menika **sakabehing umur, diwasa mudha watara umur 35 engga 55 taun, wanita saha priya. Sakabehing umur** ing ukara setunggal gadhah teges umum, dene **diwasa mudha watara umur 35 engga 55 taun** ing ukara setunggal sarta **wanita saha priya** ing ukara kalih gadhah teges ingkang langkung mligi.

- 2) AR nyerang marang sakabehing umur, nanging **mundhak** nalika diwasa mudha watara umur 35 engga 55 taun. Wanita **tikel kaping telune luwih akeh** ketaman penyakit iki tinimbang priya. (Data 013/PS 01/2015)

Saking tuladha nginggil bilih panandha *leksikal hiponim* ingkang dipunginakaken inggih menika **mundhak** saha **tikel kaping telune luwih akeh. Mundhak** ing ukara setunggal gadhah teges umum, dene **tikel kaping telune luwih akeh** ing ukara kalih gadhah teges ingkang langkung mligi.

DUDUTAN SAHA PAMRAYOGI

Saking asiling panaliten saha pirembaganipun ing bab IV, saged dipundudut bilih:

1. Jinis *kohesi gramatikal* ing wacana *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015 inggih menika *referensi, substitusi, elipsis* saha *konjungsi*. Jinis *kohesi leksikal* ing wacana *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015 inggih menika *repetisi, sinonim* saha *hiponim*.
2. Panandha *kohesi gramatikal* ing wacana *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015 inggih menika *referensi: iku, iki, kasebut saha mau; substitusi: dheweke, klitika-e/-ne, iku, iku, kasebut saha mangkono; elipsis: pelesapan jejeripun ukara kalih sarta konjungsi: jalaran, sawatara, nanging, uga, kamangka, contone, minangka contone, ateges...apamaneh, banjur, mula...ana maneh, utamane, amarga...lan, prayogane, umume, dene, kanggone, sanajan...nanging, ewasamono, dadi, minangka akibate...malah, malah saha kejaba iku...nanging*. Panandha *kohesi leksikal* ing wacana *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015 inggih menika tembung-tebung ingkang gadhah gegayutan teges. Tetembungan kasebut inggih menika *repetisi* sami persis: (*panjenengan, panjenengan*), (*penyakit iki, penyakit iki*), *repetisi*

mawi ewah-ewahan wujud: (*dirasakake, ngrasa, rasa*), (*pengobatane, pengobatan*) saha *repetisi perangan*: (*obat statin, statin*), (*survei kesehatan ing Inggris, survei iki*); *sinonim*: (*ora ngganteni sakabehing tugase jantung, mung mbiyantu kerjane jantung anggone ngompa getih*) saha (*tanduran kang asale saka negara manca, Brasil (Amerika sisih kidul) iki, tetuwuhan iki*) sarta *hiponim*: (*sakabehing umur, diwasa mudha watara umur 35 engga 55 taun, wanita, priya*) saha (*mundhak, tikel kaping telune luwih akeh*).

Implikasi

Panaliten menika ngrembag jinis saha panandha *kohesi gramatikal* saha *leksikal* wacana wonten ing *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015. Saking dudutan nginggil bilih jinising saha panandhanipun *kohesi gramatikal* wacana wonten ing *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015 wonten sekawan. Dene jinising saha panandhanipun *kohesi leksikal* wacana wonten ing *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015 wonten tiga.

Panaliten menika dipunkajengaken saged nambah asiling paneliten babagan basa mliginipun jinising saha panandhanipun *kohesi* wacana. Paneliten menika ugi saged dipunginakaken kangege *referensi* dening paneliten sanesipun babagan jinis saha panandha *kohesi* wacana. Tumrap *pendidikan*, supados para paraga *pendidikan* ingkang maos saged mangertos jinising saha panandhanipun *kohesi gramatikal* saha *leksikal* wacana wonten ing *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat warsa 2015.

Paneliten menika ugi saged dipunginakaken kangege rujukan saha gegaran ing pamulangan.

Adhedhasar dudutan saha *implikasi* ing nginggil, paneliti saged suka pamrayogi ngandhap menika.

1. Mahasiswa sanes ingkang nyinau bab basa saged nindakaken paneliten wujud panandha *kohesi* wacana ing *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat.
2. Bab sanesipun ingkang saged dipuntaliti wonten ing *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat tasih kathah. Bab kasebut kadosta paneliten *koherensi* wacana ing *rubrik* kasarasan kalawarti Panjebar Semangat.

KAPUSTAKAN

- Brown, H. Douglas. 2000. *Principles of Language Learning and Teaching* (4th Ed.). New York: Pearson Education Company.
- Kridalaksana, Harimurti. 2001. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama
- Krisnawan, Angga Dicky. 2015. Kohesi Gramatikal saha Leksikal wonten Wacana Kumpulan “Khotbah Jangkep” ing GKJ (Gereja Kristen Jawa). *Skripsi S1*. Yogyakarta: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, FBS UNY.
- Moeliono, Anton M. 1997. *Tata Bahasa Baku Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Mulyana. 2005. *Kajian Wacana Teori, Metode dan Aplikasi Prinsip-Prinsip Analisis Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Ramlan, M. 1993. *Paragraf Alur Pikiran dan Kepaduannya dalam Bahasa Indonesia*. Yogyakarta: Andi Offset.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan secara Linguistik*.

- Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- _____. 1988. *Metode Linguistik Metode dan Aneka Teknik Pengumpulan Data*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Tarigan, Henry Guntur. 1993. *Pengajaran Wacana*. Bandung: Angkasa.
- Wijaya, Yossep. 2013. Panandha Kohesi Gramatikal saha Leksikal wonten ing Novel Anteping Wanita Anggitanipun Any Asmara. *Skripsi S1*. Yogyakarta: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, FBS UNY.
- Zuchdi, Darmiyati. 1993. *Seri Metodologi Penelitian Panduan Penelitian Analisis Konten*. Yogyakarta: Lembaga Penelitian IKIP Yogyakarta.